

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national

BP 1572

Port-au-Prince Haïti 6110

Tel / Fax 222 78 99

justicepaixha@yahoo.com

jilap.national@forumcitoyen.org.ht

www.forumcitoyen.org.ht/jilap

Pòtoprens, 5 mas 2007

Not pou laprès

Sou fason y ap reprann eleksyon yo nan kèk kote

Komisyon Jistis ak Lapè salye tout moun bòn volonte ki te montre enterè yo pou eleksyon ki t ap fèt yo, epi k ap travay pou yo etabli yon bon jan enstitisyon nan peyi a.

Komisyon an salye KEP la tou, epi li felisite l pou jan l trete tout kontestasyon yo ak anpil pasyans. An menm tan, lantè ki gen nan pwosis la poze kèk pwoblèm grav tou.

Nou tandè ak anpil atansyon KEP la anonse y ap ògnize lòt eleksyon ankò yon fwa nan plis pase 70 lokalite, pami yo genyen 8 komin.

Kapab genyen plizyè rezon ki blije yo refè eleksyon.

- Swa tout materyèl pa t sou plas pou pèmèt bon jan eleksyon fèt : gen bilten ki te manke, gen bilten ki te genyen erè grav ladan yo. Lè sa se sèvis teknik KEP la menm ki antò.
- Lòt rezon ankò kapab se konpòtman aktè yo menm nan pwosis la, ki fè eleksyon yo pa t kab fèt nan bon kondisyon. Yo te blije anile plizyè BV, youn oswa plizyè sant vòt. Men kèk egzanp : te genyen anpil vyolans nan Lachapèl, Vèrèt, Vila, Borèl, Mirbalè, Laskawobas (seksyon Lawòy), Sodo, Lopino (komin Wozo), Dondon. Gen plis egzanp toujou.

Komisyon Jistis ak Lapè te prezan nan tout depatman yo kote li t ap fè obsèvasyon depi nan mwa fevriye rive nan mwa desanm. Li te konstate plizyè kote konpòtman ireskonsab mandatè pati politik, ak divès gwoup elektè ki di yo reprezante tèl ou tèl pati politik. Genyen menm kandida, kandida ansanm ak patizan yo ki te kreye twoublay ak konfizyon. Plizyè kote te genyen goumen, plizyè kote te genyen tantativ pou fè fwod. Kèk kote tou, yo te mete dife nan bwat vòt, yo t ap sèvi ak zam pou fè presyon sou elektè yo, el. Lòt kote toujou se depite ak senatè ki te sòti nan eleksyon 21 avril 2006 yo ki te reponn prezan pou soutni kandida yo, pou twouble lapè epi pou kreye konfizyon nan zòn yo.

Nou pa fin konprann KEP la anonse nouvo eleksyon san yo pa pale yon fason konkrè sou okenn sanksyon kont moun, gwoup moun ak pati politik, ki t ap kreye latwoublay, ki t ap fè vyolans epi ki ta p vyole dwa sitwayen yo jan chapit 14 nan lwa elektoral di sa.

Eske refè eleksyon san yo pa pran okenn sanksyon kont lotè ou pati ki komèt zak yo, pa vle di n ap bay rekonpans ak ekip moun ki t ap kreye twoublay paske yo te kwè eleksyon pa tap anfavè yo ?

Eske refè eleksyon san yo pa pran okenn sanksyon, pa vle di n ap ankouraje gaspiyay lajan peyi a ki ta dwe sèvi pou lòt bagay ?

Lè n ap refè eleksyon, san yo pa pran okenn sanksyon kont okenn moun, gwoup, pati politik, ki kalite demokrasi n ap konstwi lè sa ? Ak ki kalite otorite ? Eske se ak otorite ki kwè nan demokrasi ak nan enpòtans eleksyon tout bon vre ?

Komisyon an kwè, lè KEP la deside òganize lòt eleksyon nan yon zòn, fòk li di aklè ki sa ki lakòz eleksyon an pa t kab fèt kòm sa dwa, li dwe byen konnen ki kote reskonsablite a ye. Si se twoublay yo te kreye pou pwosesis la echwe, reskonsab yo dwe jwenn sanksyon. Premye sanksyon an ta dwe touche kandida yo menm ki t ap kreye latwoublay, ki t ap fòse moun, ki t ap fè menas, ki t ap fè briganday. Moun sa yo pa dwe patisipe nan nouvo ekesyon ki genyen pou fèt yo, annakò ak Dekrè elektoral la dapre atik 224, nan chapit 14 sou enfraksyon nan pwosesis la.

Si se pa sa, se enpinite ak mank reskonsablite KEP la ap ankouraje.

Pou Komite Direktè Nasyonal la
Pè Jan Hanssens
5 mas 2007